

Tap-Tap

Traducción Criollo haitiano - Español

<p>Mache prese, mache prese! Leve pye'w pou pa rate'l, Reveye'w, fò profite, Tap-Tap la ape chofe!</p> <p>S'ou gen pye kout pran devan; Pi bonè se granm maten, Pa vin di ou p'at konnen, Moun ki save se yo k'ap mennen.</p> <p>Pa kite tan pase, Li lè pou anbake, Lè a rive pou'l derape, Li lè pou nou ale!</p> <p>Mache prese, mache prese, Leve pye'w pou pa rate'l, Tap-Tap la ap derape! Pa betize, monte! Pa gade, pa gade, Pa betize, monte! Tap-Tap la san lè kite'w!</p> <p>Leve kanpe! Leve kanpe! Oumenm ki konn ki sa ou vle, Ou ki vreman deside, Fò pa rate bon okazyon Pou f'on jefò pou la nasyon!</p> <p>Fò pa rate bon okazyon pou f'on jefò, tande! Leve kanpe, pa chita gade!</p> <p>Leve! An'n ale!</p> <p>Pa kite tan'w gaspiye, Al aprann yon bon metye Pou itil la sosyete, Pou limanite progrese.</p> <p>Se pou de pye'w toujou sou tè, De grenn je'w toujou ouvè, Pa bay bon rad pou pèpè. Dròg ap fè'w rete djè-djè.</p> <p>Leve kanpe, leve kanpe! Mache prese, an'n ale! Li lè pou ou anbake, Tap-Tap la ape pouse, L'ap pran vitès, li pap rete; Sote ladan'l s'ou vle rive!</p> <p>An'n ale!</p>	<p><i>Apúrense, caminen rápidamente!</i> <i>Levanten los pies así no se lo pierden,</i> <i>Levántense, aprovechen,</i> <i>el Tap-Tap se está calentando!</i></p> <p><i>Si sus piernas son cortas, vayan empezando;</i> <i>El mejor momento es ahora,</i> <i>Después no digan que no sabían,</i> <i>Aquellos que son sabios son los que lideran.</i></p> <p><i>No dejen que el tiempo pase,</i> <i>Es hora de que participen,</i> <i>El Tap-Tap se va,</i> <i>Es hora de que nos vayamos!</i></p> <p><i>Apúrense, caminen rápidamente!</i> <i>Levanten los pies y no se lo pierdan,</i> <i>el Tap-Tap se está yendo!</i> <i>No anden tonteando, vamos!</i> <i>No esperen, no se queden mirando,</i> <i>No jueguen, vamos!</i> <i>El Tap-Tap los puede dejar!</i></p> <p><i>Levántense! Párense orgullosos!</i> <i>Quienes saben lo que quieren,</i> <i>quienes tienen su mente decidida,</i> <i>No se pierdan la gran oportunidad</i> <i>De hacer algo por la nación!</i></p> <p><i>Escuchen, no se pierdan la gran oportunidad de hacer algo.</i> <i>Levántense, siéntanse orgullosos, no se sienten a esperar!</i></p> <p><i>Levántense! Vamos!</i></p> <p><i>No pierdan su tiempo,</i> <i>Vayan a aprender algo útil</i> <i>para beneficio de la sociedad,</i> <i>y crecimiento de la humanidad.</i></p> <p><i>Mantengan los pies en el suelo,</i> <i>Mantengan los ojos abiertos,</i> <i>No echen las perlas a los cerdos,</i> <i>Las drogas los retrasarán.</i></p> <p><i>Levántense! Párense orgullosos!</i> <i>Caminen rápido, vamos!</i> <i>Es hora de que participen,</i> <i>El Tap-Tap está en camino,</i> <i>Cada vez más rápido, no va a parar;</i> <i>Salten si quieren alcanzarlo!</i></p> <p><i>Vamos!</i></p>
--	--

-Louis Marie Celestin
August 2011